Leson 6.5 Devlope sevò

Konsiy

Chak fwa w itilize sevò ou, li grandi ! Eseye fè aktivite memorizasyon sa yo pou antrene sevò ou.

Gade imaj sa a byen pandan yon minit. Apre sa, fèmen zye w epi eseye desine, oubyen dekri egzaktman tout sa ki ladan.



Bonis : Èske w ka memorize nimewo sa a ?

45672914

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.

CHAPIT 6 SEMÈN EGZÈSIS

Seyans 6.1 *Aleksandrin ak Albèto nan kous*

Lendi

Mande pitit ou koute istwa *Aleksandrin ak Albèto nan kous*. Mande pitit ou kreye yon woutin pou egzèsis ki ka ede l pare pou kous la. Fòk li toujou kòmanse woutin la ak kèk mouvman pou detire kò li. Eseye mete sote sou plas ak kouri sou plas.

Seyans 6.2 Diferan egzèsis nou ka fè

Madi

Mande pitit ou fè 10 egzèsis pou fè kò li travay (pa egzanp : danse, bese, sote, kouri, monte bekàn, jwe lago, foutbòl, sote kòd, naje, mache). Konte soti nan zero pou rive sou 10 : 0, youn, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10 !

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Seyans 6.3 Enpòtans egzèsis fizik
Mèkredi

Materyèl : Papye, kreyon

Eksplike pitit ou egzèsis fizik se tout aktivite ki fè nou fè mouvman. Gen moun ki rele sa fè espò. Mouvman sa yo devlope mis nan kò ou e yo fè ou pi djanm. Mande li pran papye li ak kreyon li pou li fè yon desen ki montre egzèsis li pi renmen an.

Seyans 6.4 Egzèsis fizik – ekilib
Jedi

Mande pitit ou kanpe sou yon sèl pye, sou pye dwat li. Mande l konte pou wè konbyen tan li ka rete.

Apre, mande li kanpe sou pye gòch li epi konte konbyen tan li ka rete. Kilès nan 2 pye ou ki ka kenbe ou ann ekilib pi lontan ?



Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.

Seyans 6.5 Devlope sevo
Vandredi

Materyèl : Kreyon, fèy papye

Mande pitit ou pratike adisyon +2. Ekri tab adisyon + 2 an sou fèy papye a. Montre pitit ou pou li ka byen konnen tab adisyon an, li ka pratike l plizye fason !

1. Li ka li l nan lòd kwasan, sa vle di soti nan pi piti pou rive nan pi gran.
2. Li ka li l nan lòd dekwasan, sa vle di, soti sou pi gran pou rive sou pi piti.
3. Li ka li tab la byen fò.
4. Li ka li l an silans.
5. Li ka bouche repons yo epi eseye di yo.
6. Kon sa tou, li ka fè yon moun poze l kesyon.

Yon lòt jou ou ka aprann tab adisyon +3.
Youn lòt jou ou ka aprann soustrasyon −2.

Kreyon ak Egzagòn vektè grafik pa Vecteezy

© 2021 dwa dotè TSNE MissionWorks. Tout dwa rezève.